

## **20 Kesyon ak Repons sou COVID-19**

### **Janvyè 2021**

Tan n ap viv la pote estrès pou anpil moun, men nouvo vaksen an se yon gwo pa nan lit nou an kont COVID-19 la ak retou nan yon mòd de vi pi nòmal. Se yon bagay natirèl pou moun gen kesyon sou yon medikaman oswa tretman ki fèk parèt. Nan epòk medya sosyal, li fasil pou fo enfòmasyon gaye rapid. Men kèk enfòmasyon ki sòti nan men doktè Maladi Atrapan yo nan Tufts Medical Center :

#### **1. Kijan vaksen COVID-19 ki genyen kounye a mache?**

Engredyan aktif la nan vaksen an gen enstriksyon pou selil ou yo sou ki jan pou yo fè yon pati nan "pwoteyin S" ou jwenn sèlman nan viris ki bay COVID-19 la. "Pwoteyin S" la fè sistèm iminitè w "panse" kò ou gen maladi an menm si an verite li pa genyen li. Sa fè sistèm iminitè a pwodui antikò pou pwoteje w kont viris toutbon an si ou vin an kontak avèk li.

#### **2. Èske mwen dwe resevwa toude dòz vaksen yo pou li bay plis rezilta?**

Wi. Yo bay moun vaksen COVID-19 ki disponib yo kounye a (Pfizer ak Moderna) an de dòz, avèk yon entèval 21 jou (Pfizer) oswa 28 jou (Moderna). Yo etidye rezilta vaksen yo bay sèlman apre de dòz.

#### **3. Èske vaksen an kapab ban mwen maladi COVID-19 la?**

Non. Vaksen an pa kapab ba ou maladi COVID-19 la.

#### **4. Èske sa san danje pou pran vaksen COVID-19 la?**

Wi, yo fè anpil tès sou vaksen COVID-19 ki disponib yo (Pfizer ak Moderna) nan kad eksperimantasyon klinik yo. Administrasyon Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) ak yon gwoup espesyalis nan vaksen ki sòti toupatou nan peyi an, byen gade enfòmasyon yo. Apre sa FDA a deside pa t gen danje pou mete vaksen Moderna yo disponib pou moun ki gen laj omwen 18 an. Se moun ki gen omwen laj 16 an ki kapab pran vaksen Pfizer a.

#### **5. Yo devlope vaksen sa a tèlman vit; èske nou sèten li san danje?**

FDA a egzaminen vaksen yo yon fason apwofondi ki estrik, e yo pa sote ankenn etap nan pwosesis pou egzamen si vaksen yo san danje. FDA a te deside vaksen an respekte kritè sekirite ak efikasite ki baze sou done ki disponib konnya ki sòti nan plis pase 43,000 volontè diferans, e li te panse avantaj vaksen an peze plis pase tout efè segondè.

#### **6. Mwen tande te gen efè segondè lè moun te fin pran vaksen an. Ki sa nou konnen sou sa?**

Efè segondè yo rapòte plis yo se sansibilite kote yo pran piki an epitou sentòm ki sanble lagrip, sa gen ladan l fatig, doulè kòporèl, frison oswa lafyèw apre vaksen an. Te gen plis efè segondè apre dezyèm dòz vaksen an, e se moun ki pi jèn yo ki te santi yo plis. Sentòm sa yo ale nan premye jou yo lè w fin pran vaksen an. Efè segondè yo di nou kò a ap devlope pwoteksyon kont viris la.

#### **7. E reyaksyon alèjik yo poutèt vaksen an?**

Jiskaprezan, tout moun ki fè reyaksyon alèjik poutèt vaksen an refè byen vit. Risk reyaksyon alèjik sa a trè fèb e li menm jan ak risk pou reyaksyon alèjik ki genyen avèk tout medikaman ak vaksen.

**8. Èske ou dwe fè tès COVID-19 anvan ou pran vaksen an?**

Kòm pa gen danje nan pran vaksen an menm si ou gen COVID-19 kounye a oswa si ou te genyen li dènyèmman, ou pa bezwen fè tès. Sepandan, si ou konnen ou gen COVID-19 kounye a, nou mande ou pou w tann yon ti tan pou w pran vaksen w lan lè w fini ak izòlman, pou w pa kontamine lòt moun ankò.

**9. Si mwen gen yon tès COVID-19 pozitif ant 1ye dòz ak 2yèm dòz la, èske mwen dwe pran 2yèm dòz la kanmenm?**

Wi. Nou mande ou senpleman pou w tann yon ti tan pou w pran vaksen w lan lè w fini ak izòlman, pou w pa kontamine lòt moun. Tanpri pran randevou pou 2yèm dòz la pi vit posib lè w fini ak izòlman an.

**10. Èske mwen kapab pran vaksen COVID-19 la si mwen ansent?**

Wi. Moun ansent gen plis risk pou fè COVID-19 grav. Poutèt sa, Sosyete pou Medsin Matènèl ak Tibebe nan Vant (Society for Maternal-Fetal Medicine) ak Asosyasyon Doktè Ameriken Akouchman ak Maladi Fanm (American College of Obstetricians and Gynecologists) rekòmande anpil pou moun ansent kapab jwenn vaksen COVID-19 epi chak moun dwe diskite avèk pwofesyonèl medikal yo sou pwòp chwa pèsònèl pa yo. Pou plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19 yo ak gwosès, ale sou [lyen sa a](#).

**11. Èske mwen kapab pran vaksen an si m ap bay tete?**

Wi. Sosyete Medsin Matènèl ak Tibebe nan Vant (Society for Maternal-Fetal Medicine) rapòte pa gen rezon pou panse vaksen an kapab fè lèt tete a vin danjere. Pou plis enfòmasyon, ale sou [lyen sa a](#).

**12. Èske mwen kapab pran vaksen COVID-19 la si lòt vaksen oswa medikaman nan piki ban mwen alèji grav?**

Wi. Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control) konsidere antesedan reyaksyon alèjik grav (pa egzanp, anafilaksi ak oswa nesosite pou EpiPen ak/oswa ospitalizasyon) poutèt nenpòt ki lòt vaksen oswa terapi nan piki (pa egzanp, nan mis, nan venn, oswa anba po) kòm prekosyon men se pa kòm kont endikasyon pou vaksen an. Moun ki te fè reyaksyon anafilaksi poutèt kèlkeswa bagay la dwe rete sou obsèvasyon pandan 30 minit (olye de 15 nòminal) apre chak dòz vaksen.

Reyaksyon alèjik (sa gen ladan reyaksyon alèjik grav) ki pa gen pou wè ni ak vaksen ni ak terapi nan piki (pa egzanp, alèji poutèt manje, bèt kay, venen, anviwònman oswa latèks; medikaman nan bouch [sa gen ladan ekivalan medikaman nan bouch, nan piki]) se pa ni kont endikasyon ni prekosyon pou vaksinasyon avèk vaksen COVID-19 ARNm yo. Pou plis enfòmasyon, gade [Vaksen ak Vaksinasyon](#) CDC a.

**13. Èske mwen kapab pran vaksen an si mwen deja ap pran lòt medikaman nan bouch (medikaman kont-ansyete/depresyon/lakay ak antibyotik)?**

Nan moman an, nou pa konnen gen ni reyaksyon ni efè youn sou lòt ant medikaman nan bouch ak vaksen yo.

**14. Lè mwen fin pran vaksen an, èske mwen dwe kontinye mete mas, pratike distans sosyal, elatriye?**

Wi. Menm si nou konnen vaksen an anpeche w fè maladi COVID-19 la, nou poko konnen jis nan ki pwen li anpeche viris ki bay COVID-19 la simaye. Poutèt sa, menm lè ou fin pran vaksen an, ou dwe kontinye pratike distans sosyal, mete mas an piblik epi suiv lòt [rekòmandasyon CDC yo](#) pou redui risk transmisyon an.

**15. Si mwen toujou gen pou fè tout bagay sa yo lè mwen fin pran vaksen an, poukisa pou mwen pran li alò?**

Fini ak yon pandemi egzijje itilizasyon tout zouti nou genyen ki disponib yo. Mete ansanm, vaksen an ak rekòmandasyon sa yo ba nou plis chans pou pwoteje tèt nou ak lòt moun kont COVID-19 la epi pou ede nou ralanti pwopagasyon l nan kominote nou yo.

**16. Mwen konnen se travayè lasante yo k ap resevwa vaksen an anvan. Ki lè moun yo nan kominote a ap gen otorizasyon pran li?**

Depatman Sante Piblik la (Department of Public Health) gen entansyon mete moun >75 an ak sekouris premye entèvansyon yo apre travayè lasante yo; nou panse sa gen dwa fèt an fevriye.

**17. Èske vaksen an itil toutbon? Mwen tande ou gen dwa vin gen iminite lè w fè COVID-19, donk poukisa mwen bezwen jwenn iminite mwen an nan vaksen?**

Menm si gen pasyan ki fè COVID-19 ki pa malad grav, gen lòt ki kapab vin malad grav. Sa ki pa malad grav yo gen dwa san yo pa konnen pase li bay yon moun k ap vin malad grav. Jiskaprezan, COVID-19 responsab plis pase 360,000 mò nan Etazini. Menm si gen moun ki vin iminize lè yo fin fè COVID-19, nou pa konn pandan konbyen tan yon moun rete iminize. Poutèt sa, yon vaksen se chwa ki gen mwens danje pou vin gen iminite.

**18. Mwen wè enfòmasyon sou Facebook/Twitter/Instagram ki fè mwen pè vaksen an. Ki kote mwen kapab jwenn enfòmasyon pi kòrèk yo?**

Medya sosyal kapab fasilman simaye enfòmasyon byen rapid, sa gen ladan l fo enfòmasyon. Li toujou enpòtan pou verifye sous enfòmasyon yo. CDC bay eskelan resous nou kapab fè konfyans pou kesyon sou vaksen COVID-19 ki genyen kounye a [isit la](#); ou kapab jwenn enfòmasyon ki sòti nan men FDA nan plizyè lang [isit la](#) e yo itil anpil tou. Doktè w kapab pale avè w plis sou toude vaksen yo.

**19. Èske nou gen dwa vwayaje aletranje lè nou fin pran vaksen an?**

Pa gen diferans ni nan rekòmandasyon yo ni nan restriksyon pou vwayaj ki baze sou vaksen. Tanpri gade dènye [rekòmandasyon pou vwayaj](#) yo eta a bay.

**20. Ki lè n ap konnen si vaksen yo anpeche moun simaye viris la?**

Jiskaprezan, etid yo montre vaksen yo anpeche maladi COVID-19 la. Done eksperimantasyon Moderna yo montre yon ti siy mwens enfeksyon san sentòm, men nou bezwen plis done. Poutèt sa, menm apre vaksinasyon, tout moun dwe kontinye mete mas, pratike distans sosyal epi suiv [rekòmandasyon CDC yo](#) jiskaske nou vin gen plis enfòmasyon.